Date : January 21, 2019
Nimewo Pwogram Nan : 1043
Tit Pwogram Nan : Amos 1:1-8

Se toujou yon plezi pou nou rankontre nan etid biblik Atravè Labib. Jodia n ap fè dezyèm etid nou nan liv Amòs la. Nou va tou dabò prezante w plan liv pou answit konsidere Amòs 1 : 1-8.

Annou pwoche kote Bondye papa a nan lapriyè.

N ap remèsye w Senyè pou gran privilèj nou genyen pou n kapab ansanm nan etid la jodia. Chak jou nou wè anplis se yon favè. Chak fwa nou gen okazyon etidye Pawòl Ou se yon gran privilèj. Nou pa merite sa. N ap remèsye W pou gras ak mizerikòd Ou. Pandan n ap kòmanse etid jodia n ap envite W pran plas ou nan nou e pami nou pou Lespri Sen an ka dirije panse ak pawòl nou. Pou se sèlman sa Ou vle di nou di, jan w vle nou di l la e pou rezon W vle nou di l la. Pou nan tout bagay se non W e non W sèlman ki glorifye. Se nan non Bondye Pitit la, Pawòl ki te tounen moun nan, Sovè e Senyè nou Jezikri nou priye W, amèn.

OU byenvini nan etid Biblik Atravè Labib. N ap kontinye jodia avèk pakou nou nan liv pwofèt Amòs la pou nou tou dabò wè plan liv e answit pase nan Amos 1 :1-8.

PLAN LIV AMOS LA

Liv Amòs la divize an twa pati :

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

1. Jijman nasyon ozalantou yo, ch. 1 :1-2 :3
   a. Entwodiksyon, ch. 1 :1-2
   b. Jijman kont Siri pou kriyote, ch. 1 :3-5
   c. Jijman kont Filisti pou esklavaj, ch. 1 :6-8
   d. Jijman kont Fenizi paske yo pa kenbe kontra, ch. 1:9-10
   e. Jijman kont Edon pou lespri vanjans, ch. 1 :11-12
   f. Jijman kont Amon pou krim vyolan, ch. 1 :13-15
   g. Jijman kont Moab pou lenjistis, ch. 2 :1-3

2. Jijman Jida ak Izrayèl, Chapit 2 :4- 6 :14
   a. Jijman kont Jida paske yo meprize Lalwa, ch. 2 :4-5
   b. Jijman kont Izrayèl pou imoralite ak blasfèm, ch. 2 :6-16
   c. Akizsyon Bondye kont tout 12 tribi nasyon Izrayèl la, ch. 3 (privilèj kreye responsablite ; plis ou resevwa benediksyon se plis chatiman an va gran.)
   d. Izrayèl te resevwa pinisyon nan tan pase yo pou inikite yo, ch. 4
   e. Izrayèl va resevwa pinisyon nan tan k ap vini yo pou inikite yo, ch. 5
   f. Yo egzòte Izrayèl nan tan prezan yo pou sispann fè inikite, ch. 6

3. Vizyon tan k ap vini yo, chapit 7-9
   a. Vizyon krikèt vèt, ch. 7 :1-3
   b. Vizyon dife, ch. 7 :4-6
   c. Vizyon filaplon, ch. 7 :7-9
   d. Entèmèd istorik, ch. 7 :10-17 (Eskperyans pèsonèl pwofèt la.)
   e. Vizyon panye fwi sezon ete yo, ch. 8
   f. Vizyon dispèsyon mondyal, 9:1-10
   g. Vizyon rasanbleman mondyal e restorasyon wayòm lan, ch. 9:11-15.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

AMOS CHAPIT 1e

TEM : Jijman nasyon ozalantou yo

Amòs se te yon nonm vanyan ki t ap delivre yon mesaj ki soti nan Bondye. Non sèlman moun pa t konnen l lè l te kòmanse preche lavil Betèl nan wayòm nò a, wayòm Izrayèl la, li toujou rete yon pwofèt moun pa twò konnen menm nan tan kote n ap viv la. Nou ta kapab asosye Amòs ak pwofèt Oze. Yo tou de t ap viv nan menm epòk e m kwè yonn te konnen lòt. Pwofesi Oze a te mete anfaz sou lanmou Bondye, men yon Bondye lanmou ki gen entansyon jije tou. Amòs pale sou jistis siblim e sentete entrensèk Bondye sa ki anfèt oblije L jije sa ki mal.

Nou sezi wè ke yon nèg andeyò kon Amòs gen yon vi mondyal, yon konsepsyon global. Li pale tou dabò ak nasyon yo ki te pataje yon fontyè e ki te nan vwazinaj nasyon Izrayèl la. Li pale ak grann pisans yo ki te egziste lè sa a, anfèt sa pa yon ka patikilye. Pwofèt ki te vini an apre yo : Ezayi, Jeremi, Ezekyèl, Danyèl te fè menm bagay la tou. Men dènye pwofèt sa yo te tou dabò pale sou jijman nasyon Izrayèl la answit pou pase nan jijman lòt nasyon yo. Amòs li menm te itilize metòd envès la. Li pale tou dabò sou jijman lòt nasyon yo pou answit pase nan jijman nasyon Izrayèl la.

Lè Amòs t ap delivre premye mesaj li lavil Betèl, pou di Bondye pral jije Siri, Filisti, Fenizi, Edon, Amon ak Moab, chapèl wa a te plen kon ze. Msyte te reyèlman atire yon foul. Tankou w ka imajine yo te twò kontan tande l ap preche sou peche moun Moab yo, men yo pa t dijere lè l t ap pale sou pwòp peche yo. Menm nan jou nou yo w ap jwenn gen anpil moun ki twò kontan tande y ap preche sou peche moun peyi Moab yo, peche ki te komèt plis

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

ke 4,000 an pase, men kite yon pastè gen malè pale sou peche ki nan lavi l yo pou w wè. Pastè sa antrave. Dapre mwen Amòs te ase diplomatik pou kòmanse ak jijman lòt nasyon yo anvan l pase nan jijman pèp Izrayèl la. Msye te trè elokan. Byenke l te yon abitan gwo soulye ki soti byen lwen jouk nan peyi pèdi, msye te itilize yon langaj rafine. Dapre mwen msye te yon ekslan predikatè.

Amòs 1 :1 *Men mesaj Amòs, yonn nan gadò mouton lavil Tekoa a, te bay. Se bagay Bondye te fè l' konnen sou pèp Izrayèl la, dezan anvan tranblemanntè a. Lè sa a, se Ozyas ki te wa nan peyi Jida, epi se Jewoboram, pitit Joas, ki te wa nan peyi Izrayèl.*

« Lè sa a, se Ozyas ki te wa nan peyi Jida, epi se Jewoboram, pitit Joas, ki te wa nan peyi Izrayèl. » Wa sa se wa Jewoboram II.

Amòs di tou se te « *dezan anvan tranblemanntè a. »* Zakari te pale sou tranblemanntè sa tou anviwon desan zan pita. Dapre istoryen yo rele Jozèf la, sa te pase sou tan reny wa Ozyas. Sa ki enpòtan isit la sèke referans sa yo ede nou wè Amòs t ap viv nan menm epòk avèk pwofèt Oze, ki te yonn nan premye pwofèt yo, e l te egzèse ministè l nan wayòm nò a, wayòm Izrayèl la.

Amòs 1 :2 *Amòs di: -Seyè a rete sou mòn Siyon, l'ap gwonde. Li rete lavil Jerizalèm, li pale byen fò. Lamenm, savann mouton yo fennen. Zèb ki sou tèt mòn Kamèl la cheche.*

« Seyè a rete sou mòn Siyon, l'ap gwonde. » Sa se yon imaj e yon langaj ase elokan. Ou ka sonje Joèl te itilize menm langaj sa tou. Li bay lide yon lyon k ap devore bèt li sot lachas la. Kwè m si w vle, sa se yon fason ase enteresan pou Amòs te kòmanse

© Trans World Radio

mesaj li a ! L ap pale sou jijman Bondye ki gen pou tonbe sou nasyon ozalantou yo.

« Li rete lavil Jerizalèm, li pale byen fò. Lamenm, savann mouton yo fennen. Zèb ki sou tèt mòn Kamèl la cheche. » Sanble gen yon sechrès ak yon famin ki t'ap vanse sou tè sa a, yon famin ki t apral etann sou tout teritwa a.

Dr. McGee di yon lè l t ap vizite Izrayè li te gen opòtinite vizite Kamèl kote Haifa ye a, e l di l te remake jan zonn lan bèl. Gen bèl ti pye bwa ak anpil bèl flè la. Sanble se konsa sa te ye tou nan tan pwofèt Amòs la, men kounyea Amòs anonse va gen yon sechrès ki pral seche depi se zèb tèt mòn Kamèl.

JIJMAN KONT SIRI POU KRIYOTE

Nou rive kounyea nan pati pwofesi Amòs la ki pale sou jijman Bondye kont nasyon yo ki te antoure nasyon Izrayèl la. Pwofèt Amòs te gen yon mesaj entènasyonal, yon mesaj mondyal. Pawòl Bondye a, menm nan tan Ansyen Testaman an, montre ke Bondye pa sèlman Bondye nasyon Izrayèl la, men Li tou se Bondye moun lòt nasyon yo. Nou jwen apòt Pòl demontre sa trè klè pou nou nan Nouvo Testaman an. E Bondye jije nasyon yo nan monn lan. Byenke nan jou lagras sa yo Bondye gen yon sèl objektif ki se rele moun vin jwenn Li, sa pa vle di Li sispann egzèse otorite L sou monn lan, okontrè. Bondye kontinye ap jije nasyon yo nan monn lan, e liv Amòs prezante yon gwo mesaj nan sans sa.

Premye nasyon yo pale de li se Siri ki te gen vil Damas kòm kapital.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Amòs 1 :3 *Seyè a di konsa: Moun peyi Damas yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo maltrete moun peyi Galarad yo. Yo krabinen yo anba kout baton fè.*

« *Moun peyi Damas yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide.* » Amòs isit la ap demontre moun Damas yo fè twòp, Bondye bouke atò, Li pare pou vin regle ak yo. Pa gen anyen ankò ki ka anpeche jijman Bondye tonbe sou peyi Siri.

« *Yo maltrete moun peyi Galarad yo. Yo krabinen yo anba kout baton fè.* » Se kriyote sa Siri te komèt e rezon ki fè yo pral jije l la. Baton fè sa yo koupe kon razwa e se pou bat grenn nan jaden yo te fè yo. Men dapre sa nou konprann moun Siri yo te sèvi ak yo pou bat e matirize kò moun Galarad yo. Nou li nan 2 Wa 10 :32-33 : « *Lè sa a, Seyè a konmanse wonyen sou teritwa peyi Izrayèl la. Wa Azayèl atake moun Izrayèl yo toupatou nan peyi a, depi sou bò solèy leve larivyè Jouden jouk lavil Awoyè, anwo ravin Amon an nan sid, ki vle di nan tout peyi Galarad la ak peyi Bazan an kote moun branch fanmi Gad, fanmi Wouben ak fanmi Manase yo rete.* » Se tribi sa yo Siri te desann atake an premye anfèt li te detwi yo.

Alò nou wè yo pale de Galarad. Poukisa Amòs anplwaye mo sa? Galarad te sitiye sou bò lès larivyè Jouden. Li te etann rive jouk sou bò lanmè Galile kote tribi Wouben, Gad ak mwatye nan tribi Manase a te rete pa lòt bò Jouden an, nou ta ka di tou sou move bò Jouden an. Siri te plase dirèkteman sou tèt yo pa nan nò e te desann vin atake yo. Menm jodia pandan n ap prepare etid sa yo toujou gen yon chire pit ant Siri ak Izrayèl sou fontyè yo nan chenn mòn Golan yo, sa ki koresponn ak ansyen zonn ki te rele Galarad la. Nan jou pwofèt Amòs ap pale yo Siri va tou senpleman desann kont nasyon Bondye a e aneyanti yo, men se

© Trans World Radio

konsa tou Bondye va jije yo pou britalite ak kriyote yo kont pèp Li a.

Amòs 1 :4,5 *M'ap voye difè sou kay kote wa Azayèl rete a. Difè a ap boule gwo kay wa Bennadad la ra tè.*
M'ap kraze pòtay lavil Damas la miyèt moso. M'ap disparèt moun ki rete nan Fon Avenn ansanm ak chèf ki kòmande lavil Betedenn lan. Y'a fè moun peyi Siri yo prizonye, y'a depòte yo nan peyi Kir. Se Seyè a menm ki di sa.

Va gen yon difè ki pran nan palè wa Azayèl la e sou gwo kay wa Bennadad la. Si w vizite vil Damas jodia, w ap remake ou pa jwenn ni ansyen vil Dasmas orijnal la ni plasman kote l te ye a. Yo rele tèt yo vil ki pi ansyen ki gen nan monn lan, men anfèt se yon vil ki deplase plizyè fwa deja pa rapò plasman orijinal li. Vil sa boule ra tè plizyè fwa nan egzistans li deja a akonplisman pwofesi Amòs yo se yonn nan okazayon sa yo.

« M'ap disparèt moun ki rete nan Fon Avenn ansanm ak chèf ki kòmande lavil Betedenn lan. » Si w vwayaje soti Bewout rive Damas, w ap pase nan yon zonn ki rele Balbèk, se Balbèk sa a yo rele Fon Avenn lan. Win ki la yo se bagay espektakilè. Women yo te eseye kolonize l paske l yon bèl zonn. Win tanp ki la yo temwaye sa. Men tankou pwofesi Amòs te di l la, Balbèk te konplètman detwi e grann popilasyon ki te la lè sa a pa la ankò.

« Y'a fè moun peyi Siri yo prizonye, y'a depòte yo nan peyi Kir. Se Seyè a menm ki di sa. » Sa vle di moun Lasiri yo t apral depote moun Siri yo ale an kaptivite. Kir se te yon pwovens nan Anpi Lasiri a. Li enpòtan pou n ta gen yon lide sou jeografi zonn sa paske sa ap ede nou pi byen konprann sa n ap di la yo. Paske nou bezwen sonje Bib la pa yon istwa fiktif, yon kont, yon bagay yon moun rete konsa l imajine ; men se yon reyalite. Se istwa vrè bagay ki te pase tout bon vre, nan yon plas e yon tan konkrè. Ou

© Trans World Radio

ka wè menm lè Bib la ap pale sou syèl se sou yon bagay reyèl e konkrè l ap pale.

JIJMAN KONT FILISTI POU ESKLAVAJ

Amòs 1 :6-8 *Seyè a di konsa: Moun lavil Gaza yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide. Yo depòte tout yon nasyon. Yo vann yo tankou esklav bay moun Edon yo.*

M'ap voye dife sou miray lavil Gaza. L'ap boule gwo kay yo ra tè.

M'ap disparèt moun ki kòmande lavil Asdòd ansanm ak chèf ki rete nan lavil Askalon an. M'ap pini lavil Ekwon an. Tout rès moun Filisti yo pral mouri. Se Seyè a menm, Bondye a, ki di sa.

« *Moun lavil Gaza yo ap plede fè peche sou peche san rete. Mwen fin pran desizyon m', mwen p'ap chanje lide.* » L a ankò n ap souliye sa vle di yo fè kont atò, sa se dènye degout ki fè vaz la debòde a.

Lavil Gaza « *Gaza* » te fè pati anpi Filisten an.

Jijman kont Filisti a te gen pou wè ak esklavaj. Yo pran yon kantite moun nan nasyon Izrayèl la e yo te vann yo kòm esklav bay moun Edon ak moun Fenisi yo. Moun Fenisi yo te gran komèsan, yo pran moun yo te fin achte yo e revann yo ak benifis kòm prizonye yo pran nan lagè pou fè sèvi esklav. Lè sa a yo voye yo vann nan tout zonn Mediterane a. Enben akoz de sa, Bondye di li va jije moun Filisti yo.

Jijman Bondye te tonbe sou plas sa a egzakteman jan pwofèt la te anonse l la. Bondye te di nan 2 Wa 18 :8 : « *Li* [ki vle di wa

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Ezekyas] *bat moun peyi Filisti yo, li kouri dèyè yo rive lavil Gaza ak sou fwontyè l' yo, li piye dènye kote yo te rete, depi ti bouk avanpòs yo rive nan gwo lavil ak ranpa yo.*» Epi rapò istorik yo kontinye rakonte jan wa Ezekyas te detwi zonn sa a. Donk tankou w ka wè pwofesi Amòs yo te akonpli literalman. Egzanp akonplisman pwofesi sa a rann seksyon sa a nan liv pwofèt Amòs la ankò pi enteresan. E l etabli modèl fason Bondye va sèvi pou akonpli pwofesi nan tan k ap vini yo.

Epi konsa nou rive nan fen etid nou pou jounen an. Jodia, nou te gen opòtinite prezante w plan liv Amòs la e konsidere sis premye vèsè yo nan chapit 1^{e} a. N espere rankontre w nan pwochen etid la si Bondye vle pou kontinye ak pakou nan liv pwofèt Amòs la. Pou kounyea n ap kite w avèk lapè Bondye !

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com